

## BAB III

### METODOLOGI PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode *déskriptif korélasional*. Ieu méthode digunakeun lantaran luyu jeung tujuan panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun minat jeung kamampuh maca pamahaman, sarta korélasi dipaké pikeun nangtukeun signifikan atawa henteuna antara minat jeung kamampuh maca.

Arikunto (2002:326) nétélakeun yén panalungtikan korélasional mangrupa panalungtikan anu dipaké pikeun maluruh aya henteuna hubungan antara dua variabel atawa leuwih. Gedéna atawa luhurna hubungan variabel-variabel éta digambarkeun dina wangun koéfisién korélasi.

#### 3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *skala minat jeung tes objéktif*. Skala minat digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan maca sastra, jeung tes objéktif digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca carpon.

### 3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh aya dua instrumén, nya éta skala minat jeung tés objéktif. Data anu diperlukeun dina ieu panalungtikan nya éta hasil skala minat maca sastra dina wangun Skala Likert jeung tés kamampuh maca dina wangun tés objéktif.

#### 3.3.1. Skala Likert

Skala likert digunakeun lain pikeun milih responden anu pinter atawa anu bodo, tapi pikeun nangtukeun gedé atawa leutik, positif atawa negatif minat nu kacangking ku réspóndén. Anu ngawengku 40 item diwangun ku opat kategori pilihan nya éta SP (satuju pisan), S (satuju), TS (teu satuju), jeung TSP (teu satuju pisan). Pikeun peunteun jawaban positif rentangna nya éta: 4 (SP), 3 (S), 2 (TS), jeung 1 (TSP). Sedengkeun pikeun peunteun jawaban negatif rentangna nya éta: 1 (SP), 2 (S), 3 (TS), jeung 4 (TSP).

Nguji skala minat likert digunakeun tiori nurutkeun Subino (1987:128), nya éta ku uji coba likert anu miboga tujuan milih butir-butir skala anu miboga DP (daya pembeda) signifikan jeung uji t, jeung nangtukeun pola-pola skor unggul skalana. Dina ieu panalungtikeun cara nganalisisna digunakeun uji t.

Sabada diitung ngagunakeun uji t dina taraf signifikansi  $P < 0,05$  jeung taraf kapercayaan 95% ( $t$  tabel 2,07) sarta  $dk = (n_u - 1) + (n_a - 1) = 22$ . Katangen yén sakabéh item téh signifikan tur bisa dipaké.

Ieu di handap kaunggel salah sahiji conto ngitung ngagunakeun uji  $t$  pikeun item nomer 3 positif.

Tabél 3.1

Conto Ngitung Ngagunakeun Uji  $t$

No	Kategori Jawaban	X	Kel Unggul ( $x_u$ )			Kel Handap ( $x_a$ )		
			f	fx	fx <sup>2</sup>	f	fx	fx <sup>2</sup>
1	2	3	4	5	6	7	8	9
1.	SP	4	8	32	128	3	12	48
2.	S	3	4	12	36	5	15	45
3.	TS	2	-	-	-	2	4	8
4.	TSP	1	-	-	-	2	2	2
			12	44	164	12	33	103

$$\bar{x}_u = \frac{44}{12} = 3,67$$

$$\begin{aligned} (x_u - \bar{x}_u)^2 &= 164 - \frac{44^2}{12} \\ &= 164 - 161,33 \\ &= 2,67 \end{aligned}$$

$$\bar{x}_a = \frac{33}{12} = 2,78$$

$$\begin{aligned}
 (x_u - \bar{x}_u)^2 &= 103 - \frac{33^2}{12} \\
 &= 103 - 90,75 \\
 &= 12,25
 \end{aligned}$$

$$\begin{aligned}
 t &= \frac{\bar{x}_u - \bar{x}_a}{\sqrt{\frac{(x_u - \bar{x}_u)^2 + (x_a - \bar{x}_a)^2}{n(n-1)}}} \\
 &= \frac{3,67 - 2,75}{\sqrt{\frac{2,67 + 12,25}{12(12-1)}}} = \frac{0,92}{\sqrt{\frac{14,92}{132}}} = \frac{0,92}{\sqrt{0,113}} = \frac{0,92}{0,336} = 2,74
 \end{aligned}$$

$$T_{hitung} = 2,74$$

$$T_{hitung} = (n_u - 1) + (n_a - 1) = 16 \text{ dk}, P = 0,05 = 2,12$$

Tina hasil itungan di luhur katangén yén item nomer 3 mibanda  $t_{hitung} 2,74$  anu leuwih gedé tibatan  $t$  tabel dina taraf signifikansi  $P 0,05$  jeung taraf kapercayaan 95% ( $t$  tabel 2,12), sarta dk 16. Jadi, bisa dicindekkeun yén item nomer 3 mibanda DP nu signifikan. Ku kituna item nomer 3 bisa dipaké.

Cara ngitung tahap kadua nya éta ngitung Daya Pembeda (DP), nya éta pikeun mikanyaho naha pernyataan dina butir soal téh bisa ngabédakeun réspodén anu miboga persépsi positif jeung réspodén anu miboga persepsi négatif. Skor anu kahontal ku unggal responden diwincik ti anu miboga peunteun luhur (kelompok unggul), ditangtukeun 27%.

Hasil itungan kelompok unggul jeung kelompok handap dirata-ratakeun saterusna dibandingkeun. Lamun itungan kelompok unggul téh leuwih gedé tibatan kelompok handap, éta pernyataan téh boga daya béda anu dianggap geus

nyumponan sarat pikeun ngabédakeun réspodén anu miboga minat jeung réspodén anu teu miboga minat. Cara ngitung daya pembéda ngagunakeun uji t (Subiono, 1987:125) anu rumusna nya éta:

$$t = \frac{\bar{X}_u - \bar{X}_a}{\sqrt{\frac{(X_u - \bar{X}_u)^2 + (X_a - \bar{X}_a)^2}{n(n-1)}}$$

Katengan:

$X_u$  = rata-rata kelompok unggul

$X_a$  = rata-rata kelompok handap

$(x_u - \bar{x}_u)^2$  = jumlah standar deviasi  $x_u$

$(x_a - \bar{x}_a)^2$  = jumlah standar deviasi  $x_a$

$N(n-1)$  = jumlah kelompok unggul/kelompok handap

Cara ngitung tahap katilu nya éta nguji rélibilitas skala minat anu tujuanana pikeun maluruh kaajénan skala minat jeung tes objektif anu tujuanana pikeun maluruh tingkat kamampuh macana. Hartina lamun skala kasebut digunakeun dina tés ulangan, bakal angger hasil anu kahontalna. Cara ngitung korélasina ngagunakeun korélasi Product Moment (Arikunto, 2002:146).

$$r_{xy} = \frac{N \cdot \sum XY - (\sum X) \cdot (\sum Y)}{\sqrt{[(N \sum X^2 - (\sum X)^2)(N \sum Y^2 - (\sum Y)^2)]}}$$

**Katerangan:**

- $r_{xy}$  = koefisien korelasi.  
 $\sum X$  = jumlah skor X.  
 $\sum Y$  = jumlah skor Y.  
 $\sum XY$  = jumlah skor X dan Y.  
 $N$  = jumlah responden.

Gedena klasifikasi validitas diinterpretasikeun pikeun ngungkapkeun kriteria validitas. Numutkeun Suharsimi Arikunto. (2002: 146) kriteriana nya éta:

- $0,80 < r_{xy} < 1,00$  validitas luhur pisan  
 $0,60 < r_{xy} < 0,80$  validitas luhur  
 $0,40 < r_{xy} < 0,60$  validitas cukup  
 $0,20 < r_{xy} < 0,40$  validitas handap  
 $0,00 < r_{xy} < 0,20$  validitas handap pisan  
 $r_{xy} < 0,00$  henteu valid

Tafsiran koefisien korelasi dina ieu panalungtikan dumasar kana pamanggih Guilford (1956:145) nya éta:

**Tabel 3.2**

**Klasifikasi Guilford**

Ajen r	Interprestasi
0,00 – 0,20	Korélasi handap pisan, meh euweuh hubungan;
0,21 – 0,40	Korélasi handap, aya hubungan tapi saeutik;
0,41 – 0,70	Korélasi sedeng, cukup aya hubungan;
0,71 – 0,90	Korelasi luhur, hubungan gedé;
0,91 – 1,00	Korélasi luhur pisan, hubungan gedé pisan.

Sanggeus diitung maké rumusan korelasi Product Moment hasilna diitung deui ngagunakeun rumus Spearman (Arikunto, 1991:90).

Rumusna:

$$r_{11} = \frac{2r_{1/2/2}}{1 + r_{1/2/2}}$$

Keterangan:

$r_{11}$  = reliabilitas instrument

$r_{1/2/2} = r_{xy}$  nu disebut indeks korelasi antara dua belahan instrument

Sabada diitung ngagunakeun rumus-rumus di luhur, kapanggih yén harga  $r = 0,508$ , sedengkeun dumasar kana klasifikasi Guilford  $r = 0,508$  téh kaasup reliabilitas sedeng hubungan memadai.

### 3.3.2. Tés

Tés kamampuh maca dina lembaran soal digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina maca carpon.

### 3.3.2.1 Validitas tés kamampuh Maca Carpon

Cara nguji validitas tes kamampuh maca tahap kahiji nya éta ngagunakeun rumus korelasi Product Moment saperti ieu di handap.

$$r_{xy} = \frac{xy'}{\sqrt{x^2 - y^2}}$$

(Arikunto, 2002:146)

Katerangan:

$r_{xy}$  = koefisien korelasi.

$x^2$  = jumlah skor nu dikuadratkeun tina uji coba.

$y^2$  = jumlah skor nu dikuadratkeun tina peunteun kamampuh maca sastra.

Pedoman pikeun nangtukeun tingkat validitas, nya éta:

Tabel 3.3

#### Tingkat Validitas

r	Tafsiran koefisien
0,00-0,20	Teu aya korélasi (alat tés teu valid)
0,21-0,40	Korélasi handap (validitas handap)
0,41-0,60	Korélasi sedeng (validitas sedeng)
0,61-0,80	Korélasi luhur (validitas luhur)
0,81-1,00	Korélasi sampurna (validitas sampurna)



Tina data hasil uji coba validitas tés, kapanggih  $r = 0,68$ . dumasar kana pedoman pikeun nangtukeun tingkat validitas,  $r = 0,68$  kaasup kana korelasi sedeng. Jadi, bisa dicindekkeun yén soal kasebut tingkat validitasna sedeng.

### 3.3.2.2 Reliabilitas Tés Kamampuh Maca Carpon

Cara ngitung tahap kadua nya éta uji reliabilitas anu ngagunakeun rumus formula Kuder Richardson/KR (Wirasmita, 1986:63) nya éta:

$$KR_{20} = \frac{K}{K-1} X \left\{ \frac{-2n(SR + ST) - [\sum(SR + ST)^2]}{0,667[\sum(SR + ST)^2]} \right\}$$

Keterangan:

K = jumlah soal

SR = jumlah nu ngajawab salah ti kelompok handap

ST = jumlah nu ngajawab salah ti kelompok luhur

Pikeun nafsirkeun koefisien tina hasil itungan reliabilitas, bisa diinterpretasikeun kana tabel 'r' *Product Moment*, kalawan tingkat kapercayaan 0,95 taraf signifikan  $P \leq 0,05$  atawa bisa ngagunakeun formula klasifikasi koefisien korelasi interprestasi ieu di handap (Wirasmita, 1988:60)

Tabel 3.4

## Formula Klasifikasi Koefisien Korélasi Interpretasi

R	Interpretasi
0,00-0,20	Henteu reliabel
0,21-0,40	Kaandeulkeun saeutik
0,41-0,70	Cukup
0,71-1,00	Istimewa

Hasil itungan reliabilitas tina data hasil uji coba kapanggih  $r$  itung = 0,594. Dumasar kana klasifikasi korelasi koefisien interpretasi, tetela  $r = 0,594$  téh kaasup kana tingkat reliabilitas cukup, hartina soal tes bisa dipake dina ieu panalungtikan.

### 3.3.2.3 Tingkat kasulitan jeung daya pembeda tés kamampuh maca carpon

Cara ngitung tahap katilu nya éta nguji tingkat kasulitan jeung daya béda. Prak-prakan nagtukeun kasulitan jeung daya béda katitén di handap.

- Lembar jawaban siswa disusun ti mimiti peunteun anu panggedena nepi ka peunteun pangleutikna. Cokot 27 % tina jawaban siswa, boh ti kelompok unggul (WH) boh ti kelompok handap (WL).
- Dina nangtukeun tingkat kasulitan digunakeun rumus

$$DK = \frac{WL + WH}{nL + nH} \times 100\%$$

Katerangan:

Dk = derajat kesulitan

WL= jumlah individu nu ngajawab salah ti kelompok handap

WH = jumlah individu nu ngajawab salah ti kelompok unggul

nL= kelompok handap

nH= kelompok unggul

Pikeun nafsirkeun tingkat kasulitan tés kamampuh maca sastra, bisa ngagunakeun klasifikasi tingkat kasulitan butir soal nurutkeun Sunaryo (1992:73) ieu di handap.

Tabel 3.5

Derajat Kesulitan Butir Soal

Derajat kasulitan	Tafsiran
DK 0,00-0,30	Soal hésé
DK 0,31-0,70	Soal sedeng
DK 0,71-1,00	Soal babari

c. Dina nangtukeun daya beda digunakeun rumus

$$DB = \frac{WL - WH}{n}$$

Katerangan:

Db = daya beda

N = jumlah kelompok unggul:kelompok handap

Klasifikasi interpretasi daya béda (Subino, 1979:8) nya éta:

**Tabel 3.6**

**Klasifikasi interpretasi daya béda**

DB	Tafsiran
DB 0,40-1,00	Hadé pisan
DB 0,30-0,39	Hadé
DB 0,20-0,29	Cukup
DB 0,00-0,19	Goring

### 3.4 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan digunakeun tehnik data inferensial, nyoko kana pamadegan Ali (1987:178) yén tehnik ngolah data inferensial nya éta statistika nu mibanda fungsi pikeun nyieun kacindekan ngeunaan populasi kana panalungtikan sampel.

Langkah-langkah ngolah data skala minat maca jeung tés kamampuh maca nya éta ieu di handap.

- a. Nangtukeun skor maksimal ideal

Skor maksimal idéal nya éta skor nu bakal kahontal saupama sakabéh soal bias dijawab kalawan bener. Jumlah skor idéal skala minat maca nya éta 80. Jumlah skor idéal tés kamampuh maca carpon nya éta 20.

- b. Ngitung skor sakabeh siswa

- c. Ngitung rata-rata mean ideal (MI) skala minat maca jeung tés kamampuh maca.

Rumusna:  $MI = \frac{1}{2} \times MI$

MI skala minat maca nya éta  $\frac{1}{2} \times 80 = 40$

MI tés kamampuh maca nya éta  $\frac{1}{2} \times 20 = 10$

- d. Ngitung standar deviasi ideal (SDI)

Rumusna:  $SDI = \frac{1}{3} \times MI$

SDI skala minat maca =  $\frac{1}{3} \times 40 = 13,34$

SDI tés kamampuh maca =  $\frac{1}{3} \times 10 = 3,35$

Nangtukeun wates acuan lulus ngagunakeun rumus penilaian acuan patokan (PAP) maké 10 nya éta:

Tabel 3.7

## Kriteria Acuan Lulus

Peunteun	Wates skor
10	M + 2,25 SD
9	M + 1,75 SD
8	M + 1,25 SD
7	M + 0,75 SD
6	M + 0,25 SD
5	M - 0,25 SD
4	M - 0,75 SD
3	M - 1,25 SD
2	M - 1,75 SD
1	M - 2,25 SD

## 3.5 Hipotésis Panalungtikan

Hipotesis dina ieu panalungtikan nya éta “Aya korelasi anu signifikan tur positif antara minat jeung kamampuh maca Siswa kelas VII SMP Negeri 1 Suradé

$$H_0 = x^2_{itung} \leq x^2_{tabel}$$

$$H_1 = x^2_{itung} \geq x^2_{tabel}$$

### 3.6 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

#### 3.6.1. Populasi Panalungtikan

Populasi mangrupa sumber utama pikeun manggihan data dina hiji panalungtikan. Populasi dina ieu panalungtikan téh nya éta karakterisik korelasi minat jeung kamampuh maca siswa kelas hiji SMP Negeri 1 Suradé taun ajaran 2007/2008.

#### 3.6.2. Sampel Panalungtikan

Sampel nya éta sabagéan atawa sakabéh populasi anu baris ditalungtik (Arikunto, 1990:104). Ieu panalungtikan ngagunakeun tehnik sampling kelompok (cluster sampling). Tina sakabéh siswa SMP Negeri 1 Suradé ngan kelas VII wungkul, hususna kelas VII-1 anu dijadikeun sampel nya éta kelompok siswa kelas VII-1 taun ajaran 2007/2008.

### 3.7 Nguji Korélasi Minat Maca jeung Kamampuh Maca

Pikeun nangtukeun luhur handapna patali minat jeung kamampuh maca sastra siswa kelas VII-1 SMP Negeri 1 Suradé ngagunakeun rumus Chi-kuadrat:

$$x^2 = \sum \frac{(f_o - f_h)^2}{f_h}$$

Keterangan:

$x^2$  = chi kuadrat

$f_o$  = frekuensi dumasar hasil data

$f_h$  = frekuensi nu dipiharep.

Lamun tina itungan harga  $\chi^2$  sarua atawa leuwih gede tina harga kritik  $\chi^2$  nu aya dina tabel, pas jeung tarap signifikan, bisa dicindekkeun yén aya korelasi antara  $f_o$  jeung  $f_h$ . Tapi lamun tina itungan  $\chi^2$  leuwih leutik tina harga kritik nu aya dina tabel nurutkeun tarap signifikan nu geus ditangtukeun, bisa dicindekkeun yén euweuh korelasi antara  $f_o$  jeung  $f_h$ .

Langkah-langkah pikeun nguji korelasi, saperti ieu dihandap.

a. Nyieun tabel  $f_o$

b. Ngitung  $f_h$  make rumus  $f_h = \frac{\text{jumlahbaris}}{\text{jumlahkabeuh}} \times \text{jumlah kolom}$

c. Nyieun tabel  $f_h$

d. 
$$\chi^2 = \sum \frac{(f_o - f_h)^2}{f_h}$$



